

# Toujou Bay

Veyikil Ijans yo pase.



## **Toujou BayVeyikilljans yopase. Ou ta Kapab Sove Yon Lavi.**

Chak jou, veyikil ijans yo reponn ak demann ijan sèvis publik la. Antanke chofè, se responsabilite ou pou w konnen kisa pou w fè lè w ap apwoche yon veyikil ijans oubyen depase yon veyikil ijans fiks.

### **Règ pou Respekte: Se Lalwa**

Selon lwa eta, lè w ap kondwi, ou dwe bay tout veyikil sekirite publik ki an mouvman yo pase. Ou dwe bay pase agòch, si posib, pou tout veyikil sekirite publik fks yo.

### **Deplasman Veyikil Sekirite Publik avèk Sirèn**

Sikilasyon nan toude sans yo dwe tounen adwat epi kanpe. Antanke otomobilis, ou dwe pase adwat epi kanpe avan yon entèsekson epi toujou kite pasaj ak tout veyikil sekirite publik yo k ap tounen agòch. Asire ou veyikil sekirite publik yo gentan pase avan ou kontinye.

### **Sekirite Publik Fiks, Veyikil Ijans oubyen Sèvis Woutye ki Afiche Limyè Kliyotan**

Lè w ap apwoche yon Veyikil Sekirite Publik Fiks, Ijans, oubyen Sèvis Woutye ki Afiche Limyè Kliyotan, yon chofè dwe ralanti epi deplase osi lwen agòch pase kondisyon wout la pèmèt sa pandan w ap depase veyikil sekirite publik la. Otomobilis yo dwe chanje vwa pou elwaye de veyikil sekirite publik la si w ap vwayaje sou yon wout ki gen plizyè vwa. Si otomobilis yo pa kapab chanje vwa an sekirite, oubyen si y ap sikile sou yon wout ki gen de (2) vwa, yo dwe ralanti epi avanse avèk prekosyon.



**Department of  
Public Safety**